



Anèks B

Fòmilè Otorizasyon ak Konsantman pou Ajan ak kinèktè

Navigatè ak Konseye Aplikasyon ki Sètifye yo (yo rele yo tou moun ki ka ede w aplike pou Medicaid) se:

- Moun ki resevwa fòmasyon e ki sètifye bò kote pwoteksyon sante kynect;
- Yo ekipe pou ede w aplike epi enskri nan yon plan sante ak asistans pou prim e ekonomi anplis oswa Pwogram Asirans Sante Medicaid/Children's Health Insurance Program (KCHIP); epi
- Yo blije bay enfòmasyon ki jis, san patipri ak egzat

Ajan yo:

- Se pwofesyonèl asirans ki resevwa fòmasyon ki ka ede w enskri nan yon plan asirans sante.
- Dwe gen lisans nan men Eta a epi anrejistre ak pwoteksyon sante kynect pou vann plan sante.

Lè mwen siyen pi ba a, mwen bay pèmasyon pou kinèktè oswa ajan asirans ak pèsònèl ki nan lis pi ba a pou l ede avèk aplikasyon kouvèti asirans sante kynect mwen an.

Tanpri ranpli, siyen, epi date fòmilè an:

Nimewo Dosye a, si w konnen l: _____ DN: _____ Sèks: G / F

SSN: _____ Non kliyan an nan lèt detache: _____

Ekri an lèt detache Non Reprizantan Otorize an (si sa aplikab): _____

Fason mwen dakò pou yo kontakte mwen:

Adrès: _____

Telefòn: _____ Telefòn #2: _____ Mesaj tèks? W / N

Imèl: _____

Siyati Kliyan oswa Rep Otorize an

Dat

Enfòmasyon sou kinèktè oswa ajan an:

Òganizasyon: _____

Non: _____

Telefòn: _____ Imèl: _____

Nimewo ID Ajan (pou ajan itilize sèlman): _____

Divilgasyon kinèktè a:

Kondisyon pou konnen:

Yo rele enfòmasyon ki idantifye moun pèsònèlman "PII". Li gen ladann non, dat nesans, nimewo telefòn, nimewo Sekirite Sosyal, adrès imèl, adrès kay, sitiyoasyon imigrasyon, revni, ak enfòmasyon sou kay la.

Plan sante yo ofri m yo gen ladan yo Plan Sante Kalifye (QHP), Medicaid, ak Pwogram Asirans Sante pou Timoun KY (KCHIP).

Wòl ak responsablite kinèktè yo **gen ladan yo**:

1. Kenbe ekspètiz nan pwosesis kalifikasyon ak enskripsyon an.
2. Enfòmè m sou tout seri opsyon pwoteksyon sante ki disponib pou mwen yo epi bay enfòmasyon ki jis, egzat ak san patipri.
3. Bay sèvis ki satisfè bezwen kiltirèl ak lang mwen.
4. Fè aranjman si mwen bezwen yo, si mwen gen andikap.
5. Ede m chwazi pwoteksyon sante.
6. Ede m ak plent oswa kesyon sou kouvèti sante mwen genyen oswa kalifikasyon mwen epi ban m referans si sa nesèsè.
7. Reyalize tout fòmasyon Sant pou Sèvis Medicare ak Medicaid (CMS) yo ak kouvèti asirans sante kynect egzije ki obligatwa yo.
8. Enfòmè m sou konfli enterè yo.
9. Kenbe PII mwen an prive epi ansekirite.
10. Satisfè nenpòt egzijans Eta ak lokal lè l ap ban mwen sèvis.
11. Aji nan pi bon enterè mwen.

kinèktè yo **pa ka**:

1. Fè diskriminasyon kont mwen selon ras, koulè, orijin nasyonal, andikap, laj, sèks, idantite sèksyèl, oswa oryantasyon seksyèl.
2. Fè pati nan endistri asirans komèsyal la oswa resevwa peman nan men nenpòt konpayi asirans sante oswa konpayi asirans pou sispann pèt nan koneksyon avèk Marketplace la.
3. Ban mwen atik pwomosyon oswa kado ki plis pase \$15, kontakte m pòt-a-pòt sof si mwen otorize sa, oswa kontakte m atravè pwogram otomatik, tankou "apèl robo."
4. Fè m okenn frè.
5. Chwazi yon QHP pou mwen.

Ajan yo:

1. Gendwa travay pou yon sèl konpayi asirans sante oswa reprezante plizyè konpayi. Mwen p ap peye anyen anplis si mwen enskri ak yon ajan.
2. Dwe pwoteje PII mwen.
3. Pa ka fè m peye yon frè pou aplikasyon sou pwoteksyon sante kynect. Ajan yo souvan jwenn peman ("komisyon") nan men konpayi asirans pou vann plan yo. Gen kèk ki gendwa pa vann plan konpayi yo pa reprezante.

Lè mwen siyen fòmilè Konsantman Anèks B a, mwen bay kinèktè oswa ajan an ak lòt moun ki fè pati òganizasyon li a pèmision pou yo jwenn aksè epi sèvi ak PII mwen an pou ban mwen sèvis. Moun sa a gendwa kontakte mwen pou swivi aplikasyon mwen an. Kinèktè oswa ajan an ta ka bezwen kreye, ranmase, divilge, jwenn aksè, kenbe, estoke, ak/oswa itilize kèk nan PII mwen an pou yo ka bay asistans sa a. Mwen gendwa revoke otorizasyon mwen te bay yo nenpòt ki lè.

Si mwen gen kesyon sou divilgasyon sa a, kinèktè oswa ajan yo, mwen ka vizite [KHBE.ky.gov](https://www.khbe.ky.gov) oswa voye yon imèl bay KHBE.Questions@ky.gov.